



Pou Piblikasyon Imedya: 23/08/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE OUVÈTI ENSKRIPSYON POU DOUZYÈM FOWÒM ANYÈL ANTREPRIZ POU BIZNIS MINORITE AK FANM POSEDE**

***Tèm evènman an — "Konstwi yon Avni Ekitab" — Konsantre sou elimine obstak yo ak redefini aksè pou MWBE yo***

***Diskisyon gwoup yo pral prezante opòtinite kontra ak èd pou jwenn aksè nan kapital***

***Enskri sou entènèt pou evènman 6-7 oktòb la [isit la](#)***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Fowòm Antrepriz pou Bzinis Minorite ak Fanm Posede (Minority- and Women-Owned Business, MWBE) pou ane 2022 a pral fèt nan 6-7 oktòb nan Sant Kapital Albany. Tèm pou fowòm ane sa a se "Konstwi yon Avni Ekitab". Fowòm Antrepriz pou Biznis Minorite ak Fanm posede nan Eta New York la bay opòtinite nan endistri yo pou fòje nouvo koneksyon pwofesyonèl ak vin pi konpetitif nan yon mache k ap chanje toutan. Fowòm ane sa a pral itilize yon fòm ibrid avèk sesyon vityèl yo ak opòtinite an pèsòn yo, avèk patisipan k ap reprezante ti biznis yo, kontraktè prensipal, pretè, ofisyèl ki eli yo, ak manm kabinè Gouvènè a pou yo diskite sou opòtinite kontra Eta a yo.

"Fowòm anyèl sa a te sèvi kòm yon resous enpòtan pou ede rann kontra ak akizisyon vin pi fasil, pi jis, ak pi aksesib pou biznis minorite ak fanm posede nan New York", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Kounye a nan douzyèm ane li, fowòm MWBE nou an pral reyini lidè biznis yo, ofisyèl eta a yo, ak lòt ekspè nan endistri a pou diskite sou fason pou nou konstwi yon avni ki pi ekitab nan New York. Mwen fyè pou m òganize fowòm ane sa a, epi mwen ankouraje manm kominote biznis New York la pou yo enskri jodi a epi rejwenn nou".

Fowòm 2022 a pral yon apwòch ibrid sou plizyè jou, melanje evènman an pèsòn ak sesyon sou entènèt yo. Pwogram yo pral gen ladan gwoup, sesyon travay, ak rankont dirèk ak vityèl pou opòtinite koneksyon. Lis pwogram k ap grandi yo pral adrese yon pakèt sijè, soti nan jwenn aksè nan kapital rive nan opòtinite emèjan yo pou MWBE yo nan endistri kanabis k ap grandi a. Aprann plis sou fowòm nan ak enskri [isit la](#).

**Julissa Gutierrez, Ofisyè Divèsite An Chèf, te deklare,** "Gouvènè Hochul devwe pou elaji opòtinite ak ankouraje kwasans ekonomik pandan l ap fè avanse divèsite, ekite, ak enklizyon pou tout Nouyòkè yo. MWBE yo se yon pati enpòtan nan devlopman ekonomik la epi nou kontinye ranfòse aksè nan opòtinite kontra ak kapital pou MWBE yo ka vrèman pwogrese. Fowòm MWBE anyèl la bay yon opòtinite pou konekte MWBE ki gen talan ak antreprenè yo avèk opòtinite nan Eta a ki pral mete yo sou wout pou reyisit".

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Eta New York te fè l tounen yon priyorite devlopman ekonomik pou bay MWBE yo zouti yo bezwen pou yo jwenn sètifikasyon epi konekte ak opòtinite kontra eta a yo. Fowòm ane sa a pral aji kòm yon sant ibrid dinamik, k ap bay biznis yo enfòmasyon ak koneksyon ki enpòtan pou siksè yo."

**Direktè Egzekitif Divizyon Devlopman Antrepriz pou Biznis Minorite ak Fanm Posede, Jerome A. DuVal, te deklare,** "Ane pase a, nou te atenn yon to itilizasyon istorik pou pwogram MWBE nou an, men travay enpòtan nou an ap kontinye. Fowòm ane sa a pral montre misyon nou pou konstwi yon avni vrèman ekite pou MWBE nan Eta New York yo epi pwogram ak inisyativ nou te prezante ak sipòte pou fè avni sa a tounen yon reyalite. Nou fyè pou nou òganize pi gwo evènman nasyon an ki konekte MWBE yo ak sektè prive ak piblik yo avèk opòtinite kontra eta a ki pral bay biznis yo yon opòtinite ekite pou kwasans ekonomik".

Sesyon vityèl ki planifye yo gen ladan:

### **Jwenn aksè nan Kapital avèk Eta New York**

Jwenn aksè nan kapital nan bon moman an ka pèmèt yon biznis grandi oswa anpeche yon biznis fèmen pòt li. Nan sesyon sa a, nou pral diskite sou pwogram prè aktyèl yo ofri atravè Eta New York pou MWBE yo ak fason MWBE yo ka jwenn aksè nan pwogram sa yo pou kwasans biznis.

### **Kiltive Pwochen Jenerasyon Lidè ak Antreprenè Fanm**

Nouvo antreprenè fanm yo pral aprann sou yon bann opòtinite ki disponib pou biznis fanm posede nan Eta New York ak fason yo ka itilize yo pou devlope yon nouvo jenerasyon lidè fanm nan biznis.

### **Konte sou Kominote w la: Itilize Prè pou Biznis Kominotè yo pou Finanse Avni Biznis ou**

Prè pou Biznis Kominotè a se yon katalizè pou lanse devlopman ekonomik epi, poutèt sa, li enpòtan pou konpayi MWBE yo rete enfòm sou resous pou prè nan kominote yo. Nan sesyon sa a, Prètè Kominotè yo pral diskite sou fason yo ede fasilite kwasans biznis MWBE yo.

### **Envesti nan Kominote ou: Nouvo Inisyativ pou Devlopman Mendèv ak Benefis pou MWBE yo**

Nan mwa avril ane sa a, Gouvènè Hochul te anonse kreyasyon Biwo Devlopman

Mendèv Estratejik (Office of Strategic Workforce Development, OSWD) Eta New York la, ki pral responsab pou amelyore pwogram ak pratik devlopman mendèv Eta a pou pi byen aliye avèk bezwen ak priyorite anplwayè yo jodi a. Sesyon sa a pral prezante inisyativ prensipal devlopman mendèv yo dapre nouvo biwo sa a, resous ki disponib pou MWBE k ap chèche talan ak fason biwo a ap fè patenarya ak pati konsène prensipal Eta New York pou bay anplwayè ak anplwaye yo rezilta pozitif.

### **Kijan Plan Eta New York yo pral Kreye Ekite nan Endistri Kanabis la**

Patisipan yo pral aprann sou divès apwòch gouvènman yo te pran oswa yo ta dwe pran atravè politik ak règleman yo nan inisyativ sou ekite sosyal yo. Diskisyon an pral santre sou sa ki fè inisyativ sa yo gen siksè ak sou fason Lwa sou Règleman ak Taks pou Mariwana a pral etabli pwogram ekite sosyal ki pi solid nan peyi a.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418